



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÓ LAP KONTINYE FÈ POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT DEZAS
DEVÈSMAN LWIL PETWÒL**

Dezyèm seri nan enspeksyon avi sou vyolasyon ak dekouvèt domaj

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse efò anplis pou pwoteje Nouyokè yo kont potansyèl danje ki gen rapò a transpòtasyon lwil petwòl, enkli yon dezyèm seri enspeksyon ki sible chemendefè yo pou ranfòse règleman sou sekirite transpòtasyon machandiz pa tren, menm jan tou mwen mande chanjman nan plan repons devèsman federal kap pi byen reflekte ak kòrèkteman adrese menas ki poze nan ogmante transpòtasyon lwil petwòl nan tout Eta New York.

“Eta ap kontinye enspeksyon aktif nan pwoteje Nouyokè yo ak prevni aksidan ki gen rapò a devèsman lwil,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Preparasyon ak plan repons nou yo dwe kòrèk avèk yon kantite tan annavans—se pa apre trajedi a vin pase. Nou te wè twòp dezaz lwil petwòl, e avèk revizyon repons ijans ak sekirite konpreyansif ak efò pou amelyore règleman federal yo, nou kapab ede asire ke New York ap fè tout sa ki posib pou anpeche aksidan ak kenbe transpò lwil petwòl san danje.”

Aprè plizyè aksidan grav ki te fèt nan Etazini ak Kanada, Gouvènè Cuomo te pibliye yon dekrè egzekitif ki mande plizyè ajans Eta pou fè yon etid apwofondi sou pwosedi sekirite ak preparasyon pou entèvansyon nan ijans ki gen pou wè ak transpò petwòl brit sou ray, bato ak chalan. Enspeksyon sa yo vin fèt alaswit enkyetid ki tap grandi sou volatilite petwòl brit ki soti nan chan petwòl Bakken nan North Dakota, li te mande ajans yo pou travay avèk patnè federal yo pou amelyore preparasyon ak sipèvizyon, ak ogmante enspeksyon.

Pou gade foto enspeksyon yo, tanpri vizite adrès yo ki anba:

http://www.governor.ny.gov/assets/images/20140326_080204.jpg

http://www.governor.ny.gov/assets/images/20140326_082911.jpg

http://www.governor.ny.gov/assets/images/20140326_121405.jpg

Nan Mèkredi, Depatman Transpòtasyon Eta New York (NYSDOT) te fè yon dezyèm seri enspeksyon ki

Haitian Creole

sible nan lakou tren yo nan kapital rejyon an nan lwès New York. Enspektè yo ki soti nan Administrasyon Federal sou Chemendefè (FRA) ak Tiyo ak Administrasyon sou Sekirite Materyèl Danjere (PHMSA) te egalman patisipe nan kanpay enspeksyon an. Enspektè yo te fè yon enspeksyon mekanik fren ak lòt ekipman sekirite, tankou kamyon sitèn kap pote petwòl brit, ansanm ak ray, travès ak lòt ekipman. Yo te reyalize tou yon enspeksyon materyèl danjere pou garanti ekipman yo reponn ak regleman, san bliye vav, fèmti vav ak afich ak viyèt ki bay detay sou kago ki pral espedye a, ansanm avèk dènye dat enspeksyon rezèvwa ak tès kontwòl sou presyon. Premye enspeksyon NYSDOT te fèt nan fen mwa fevriye e yo te jwenn anpil pwoblèm, sa ki gen ladan ekipman ki andomaje, ray kraze ak machin tank ki pa an konfòmite.

Komisyonè NYSDOT Joan McDonald te deklare, “Sekirite se pi gwo priyorite nou, e NYSDOT angaje pou asire ke transpò machandiz pa tren ak ekipman yo satisfè tout estanda yo e yo pa poze okenn danje. Sou direksyon Gouvènè Cuomo, NYSDOT pral kontinye kolabore avèk ofisyèl federal yo nan efò kowòdone sa, an repons a ogmantasyon transpòtasyon ekspedisyon lwil petwòl pa tren.”

Rezilta ki soti nan Enspeksyon chemendefè Mèkredi

Enspeksyon mèkredi a te fèt nan lakou chemendefè Kenwood nan Albany, lakou lwès Albany nan Colonie, lakou tren Selkirk nan sid konte Albany, fwontyè lakou tren nan Buffalo, ak lakou tren Niagara nan Niagara Falls.

Enspeksyon nan Kapital Rejyon an

- Nan Lakou Kenwood nan Albany enspektè yo te egzamine 120 DOT-111 machin tank pou defo mekanik e yo te jwenn yon soulye tren ki te andomaje ak 15 wou avèk “shell type” wou ki andomaje. Sa ki karakterize kondisyon sa se degradasyon ak pèt sifas wou asye ki vin di, sa ki bay sifas plat ki ka koze yon klakman sou ray yo. Byenke kondisyon wou sa yo pa koni pou yo kontribye a deraymanm machin yo te soti nan sèvis jiskaske wou yo te repare. Enspektè yo te egalman repare 64 machin tank pou materyèl danjere, e yo te dekouvri twa domaj minè.
- Nan lakou lwès Albany, enspektè yo te egzamine de kilomèt vwa fere ki posede pa CSX e yo te jwenn sèt domaj ki pa grav, sa ki jeneralman se pwoblèm minè tankou jwenti ray oswa ray ki lach oswa fiksasyon ki manke, e ki dwe repare ak re-enspekte nan 30 jou. Enspektè yo te egalman kontwole sou de kilomèt Transflo ray endistriyèl e yo te jwenn yon ray ki kraze, ki te soti nan sèvis. Yo te jwenn egalman douz lòt domaj ki pa grav.
- Nan lakou tren nan Selkirk nan konte Albany, enspektè yo te egzamine yon kilomèt ray e yo te jwenn 20 domaj ki pat grav.

Enspeksyon nan Lwès New York

- Nan fwontyè lakou tren nan Buffalo, enspektè yo te egzamine 102 DOT-111 machin tank pou domaj mekanik e yo te jwenn sèt domaj, enkli yon soulye fren ki te rive jis nan metal la nan yon machin tren ki te prezante kòm pare pou ale. Enspektè yo nan Administrasyon Federal sou chemendefè (FRA) te pibliye yon vyolasyon echèk pasyèl pou pèfòme yon tès tren a 1000 kilomèt.
- Enspektè yo te egalman egzamine 58 DOT-111 machin tank nan lakou fwontyè a pou materyèl danjere ki te andomaje e yo te jwenn twa domaj pou plak iregilye. Enspektè FRA yo te egalman pibliye yon vyolasyon nan yon ekspeditè, DPTS Marketing, LLC of Newtown, Nò Dakota, pou yon liy endiksyon ki lach. Enspektè yo te akoste sis tren (twa ki transpòte lwil ak twa ki pote etanòl) pou kontwòle fich enfòmasyon materyèl danjere, e yo pat jwenn okenn pwoblèm.
- Nan lakou Niagara nan Niagara Falls, enspektè yo te egzamine 111 machin, ki gen ladan 91 machin machandiz melanje ak 20 DOT-111 te jwenn 12 domaj minè nan tank machin yo. Enspektè yo te egalman egzamine sou kat kilomèt pis e yo te dekouvri pwen switch ki te andomaje, sa ki te repare imedyatman pa CSX. Enspektè yo te jwenn egalman 33 lòt domaj ki pat grav.

Eta ap chèche chanjman nan Plan repons Federal a Devèsman lwil

Nan kòmasman semèn sa a, NYS Depatman Konsèvasyon Anviwonman (DEC) Komisyonè Joe Martens te pibliye yon lèt bay Administrasyon Pwoteksyon Anviwonman (EPA) ki mande ajans lan pou l mete ajou plan repons li sou ka devèsman lwil ki date depi plizyè dizèn ane. Zòn enteryè Plan Dijans yo ak “Plan Repons Jeneral” yo enpòtan paske yo idantifye zòn anviwonman enpòtan ak enstrastrikti lokal ki a risk nan yon rejyon patikilye, ki gen ladan:

- Zòn anviwonman sansib ak enfrastrikti, tankou marekaj, zòn rekreyasyon, abita espès ki andanje ak apwovizyonman dlo potab;
- Enfrastrikti enpòtan, gen ladan sèvis piblik ak santral elektrik, tretman dlo sal, liy transmisyon ak kòridò transpòtasyon yo;
- Zòn ki kiltirèlman sansib, gen ladan sit istorik ak akeyolojik ak tè tribi yo;
- Lokasyon ki gen gwo risk yo, enkli enfrastrikti etablisman ak transpòtasyon ki prezante risk elve pou lage lwil nan fason pou adrese repons estrateji lokasyon espesifik; ak
- Zòn ki afekte pa dezaz natirèl yo.

Objektif plan sa yo se pou bay yon plan mekanis pou planifye konplikasyon potansyèl ki bay jiridiksyon sipèpoze ak potansyèlman gen enterè divèjan pami pati ki konsène yo. Eleman nan plan sa yo enkli:

- Yon deskripsyon nan responsabilite pou reponn a, redwi, oswa prevni yon menas dechaj sibvansyèl pou pwopriyete yo, operatè ak ajans lokal, eta, ak federal;
- Yon lis resous ki disponib pou repons a dechaj, tankou pèsònèl, ekipman ak materyèl;

- Yon deskripsyon pwosedi pou desizyon akselere nan itilizasyon dispèsan; ak
- Yon deskripsyon sou kijan plan entegre avèk lòt plan yo.

Komisyonè NYS DEC Joe Martens te deklare, “Li enpòtan pou plan repons federal a devèsman lwil revize pou pwoteje zòn anviwonman ki pi sansib nan New York ak enfrastrikti enpòtan ki soti nan dezas devèsman lwil. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, NYS DEC pral kontinye kolabore avèk omològ federal yo, enkli EPA Etazini, pou pwoteje rezidan nou yo, kominote ak resous natirèl kont menas kap grandi osijè lwil petwòl kap transpòte nan tout eta nou an.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418